*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 154 (25640)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 25 август — майрæмы мæйы 25 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 РЦИ–АЛАНИЙЫ ПАРЛАМЕНТМÆ ÆВЗÆРСТЫТÆ

3 НÆ ИСТОРИ – НÆ УДЫ ФАРН
*Сахы æфсад — Ирыстоны*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Спартакиадæтæ*

**Хъуыддаджы балц**

## Арæзтæдты уавæр федта

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис кусæг балцы уыд Рахизфарсы районы, уым федта Беслæны генералон пъланмæ хаст объектты арæзтад.**



Фыццагдæр бабæрæг кодта Беслæны музыкалон скъолайы арæзтад. Арæзтад æмæ архитектурæйы министр **Моргуаты Константин** куыд радзырдта, афтæмæй ныртæккæ фыццаг уæладзыгыл архайынц. Йæ иумæйаг фæзуат — 2400 квадратон метры, уыдзæн дзы актон зал, 24 къласы. Сцæттæ уыдзæн 2023 азы. Хицауады Сæрдар бафæдзæхста арæзтад афойнадыл æххæст кæнын, æмгъуыдтæй ма рахизын. Объектмæ хъуамæ районы разамынд йæ хъус дара.

Беслæны Марковы æмæ Ленины уынгтæ кæм баиу вæййынц, уым Хицауады Сæрдар федта коммуналон хызты бындурон цалцæг. Аразæг компанийы хицау зæрдæ бавæрдта, хъуыддæгтæ афойнадыл кæй сæххæст кæндзæн, уымæй. Дарддæр Дзанайты Барис базонгæ стадион "Пищевик"-ы арæзтадон куыстытимæ. Аразæг компанийы разамонæг **Тотыккаты Артур** куыд бафиппайдта, афтæмæй графикæй фæсте нæ баззадысты. Ацы ран фæзындзæн административон бæстыхай, футболæй хъазæн фадатджын быдыр, згъæр конструкцитæй конд трибунæтæ.



Дзанайы-фырт ма федта, 550 бынатимæ скъолайы арæзтад куыд цæуы, уый. Моргуаты Константин куыд бацамыдта, афтæмæй хъуыддæгтæ цæуынц графикмæ гæсгæ. Хицауады Сæрдар куыд бафиппайдта, афтæмæй РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** Уæрæсейы Президент **Владимир Путинимæ** куы фембæлд, уæд уым рахастой æппæт объекттæн фæрæзтæ радих кæныны уынаффæ. Беслæны генералон пъланы объекттæн ацы аз æхца радих кодтой 3,6 миллиард сомы. "Куыд уынæм, афтæмæй хъуыддæгтæ конд цæуынц, æппæт объекттыл дæр кусынц. Уый Беслæнæн дæр ахсджиаг у æмæ республикæйæн дæр", — фæбæрæг кодта Дзанайы-фырт.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Культурæ**

## Автоклубтæ нæм фæзындзысты

**Цæгат Ирыстоны Культурæйы министрады пресс-службæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй Мæздæджы æмæ Алагиры районты фæзындзысты цæлхытыл культурæйы хæдзæрттæ.**

Культурæйы министр **Галазты Эдуарды** ныхасмæ гæсгæ, клуб-трансформеры гуыффæ транспортон уавæры уыдзæн фургоны хуызæн, кусæг уавæры та гуыффæйæ рауайдзæн дæлбазыримæ сценæ.

Хæдтулгæтæ ифтонггонд уыдзысты аудио- æмæ видеоаппаратурæйæ, стæй суткæйы талынг афон сценæйы хæдбар рухскæнынадæй. Цæугæ автоклубтæн сæ бон уыдзæн чысыл зынвадат хъæутæм бацæуын. Дыууæ культурон трансформеры балхæнынæн радих кодтой 14 милуан сомы.

— Мæйы æмгъуыдмæ мобилон автоклубтæ Мæздæджы æмæ Алагиры районтæм æрбафтдзысты. Æхцайы хæрдзтæ домæг культурæйы стационарон кусæндæттæ кæм нæй, нæ республикæйы ис



ахæм зынвадат хъæутæ. Автоклубты фæрцы ацы уавæр хорзæрдæм фæивдзæн, адæм та дзыллонкультурон мадзæлттæм æхсызгонæй цæудзысты, — загъта министр.

**Нæ уацхæссæг**

**Паддзахадон арæн**

## "Уæллаг Ларс": электронон рад скуыста

**Уæрæсейы Федерацийæ Гуырдзыстонмæ Уæллаг Ларсыл чи цæуы, уыдонæн Цæгат Ирыстоны кусын райдыдта электронон рад. Уый тыххæй фехъусын кодта Фæндагон змæлд саразыны центры разамонæг ÆККÆЛАТЫ Алыксандр.**



Республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** куыд бафæдзæхста, афтæмæй центр Нымæцон рæзты комитетимæ бакуыстой программæйыл æмæ ныр сæ бон у Уæллаг Ларсы паддзахадон арæнты сæрты цæуæг транспорт электронон рады æвæрын. Афтæмæй ныр æртæ посты фæзындзæн: Кæсæг-Балхъарæй æрбацæуæг транспорт лæудзæн Ираны хъæуы цур, Мæхъæлæй æрбацæуæг транспорт — Алханчурты цур, Гуырдзыстонæй æрбацæуæг, фæлæ, Цæгат Ирыстонæй чи нæма рахызт, уыцы æмæ Гуырдзыстонмæ цæуæг машинæтæ — Цмийы хъæуы цур. Иумæйаг постты уыдзысты Фæндагыл æдасæй цæуыны службæйы æмæ Фæндагон змæлд саразыны центры кусджытæ.

Электронон рады балæууынæн фаг у иу посты сæрты ацæуын, шофыр регистраци скæндзæн, райсдзæн радон номыр регистрацийы рæстæгимæ. Рад куыд æххæстгонд цæуы, уымæ цæст дарæн ис онлайн хуызы сайт codd 15.ru.Куыддæр электронон рады кæрдæгхуыз зонæмæ бахиза шофыр, афтæ йæ бон Уæллаг Ларсмæ цæуын у. Ноджы ма кусы лæвар телефон дæр: **8-800-222-46-40**, шофыртæн сæ бон у хъæугæ хабæрттæ базонын.

Паддзахадон арæнты сæрты уадзæн пункт "Уæллаг Ларс"-ы цы дыууадæс ног тæлмы сарæзтой, уыдоныл ныртæккæ ауагътой рог машинæтæ.

**Фæндагон змæлд саразыны центры пресс-службæ**

**Хъомылад**

## Центр байгом уыдзæн

**Цæгат Ирыстоны ахуырад æмæ наукæйы министр АЛЫБЕГТЫ Эллæйы ныхасмæ гæсгæ, нæ республикæйы уæлæмхасæн ахуырады программæтæ æххæссынц 5-18-аздзыд сывæллæтты 67 процентыл.**



— Иннæ аз ацы бæрæггæнæн æвдай фондз процентмæ схæццæ кæнынмæ хъавæм, фæлæ ахуыргæнæндæтты разамонджыты хæс у уæлæмхасæн ахуырадæн фадæттæ аразыны фарстамæ нырæй фылдæр æргом аздахын. Сочийы центр "Сириус" куыд кусы, афтæ махмæ дæр фæззæджы кусын райдайдзæн курдиатджын сывæллæттæн æххуысы центр "Вершина". Ацы центрæн уыдзæн аивады, наукæ æмæ спорты къабæзтæ. Афæдзмæ центр æххæсдзæн мин цыппарсæдæ скъоладзауыл, — загъта министр.

2024 азы Цæгат Ирыстонæн 350369,1 мин сомы бæрц субсиди кæй ратдзысты, уый фæрцы уыдзæн уæлæмхасæн ахуырады системæйы 25 мин ног бынаты саразыны фадат.

**Нæ уацхæссæг**

**Бынæттон хиуынаффæйад**

## Бахатæг адæмимæ фембæлд

**Дзæуджыхъæуы администрацийы сæргълæууæг МИЛДЗЫХТЫ Вячеслав комкоммæ уагæй фембæлд бахатæг æм горæтæгтимæ.**



Фембæлды рæстæг Милдзыхы-фырт æмæ горæты администрацийы æндæр разамонджытæ æрныхас кодтой адæмы куырдиæттыл.

Зæгъæм, Марковы уынджы 38-æм иумæйаг кæрты хæдзæртты цæрæг адæмы номæй **Хъантемыраты Фатимæ** Дзæуджыхъæуы администрацийы хицауæн бафæдзæхста кæрт горæты канализацион системæимæ баиу кæнынæн баххуыс кæнын. Куырдиатимæ бахатæг сылгоймагмæ байхъусгæйæ, Милдзыхыфырт горæты цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады комитетæн бахæс кодта проект бацæттæ кæнын æмæ канализацион хызтимæ абоненты кæрт баиу кæнынæн хъæугæ арæзтадон куыстытæ баххæст кæнын.



Маркусы уынджы 4-æм хæдзары цæрæг адæм дæр горæты разамындмæ бахатыдысты. Араздджытæ пъадвалы кæй æххæст кæнынц, хæдзары цæрæг адæм уыцы цалцæггæнæн-арæзтадон куыстытæй хъаст кæнынц. Горæты разамындмæ бахатæг адæмы ныхасмæ гæсгæ, амынд куыстыты аххосæй хæдзары бындурон конструкциты æнæхъæндзинад фехæлдзæн. Хæдзар культурон бынты объектыл нымад кæй у, уымæ гæсгæ араздджытæ амынд куыстытæ æххæст кæнынæн бардæттæг гæххæттытæ нæ райстой. Администрацийы сæргълæууæг муниципалитеты кусджытæн бахæс кодта уавæры æууæлтæ биноныг равзарын.

Фембæлды кæрон Милдзыхты Вячеслав загъта: "Алы бахатæг нæм адæймагæн дæр дæттын хъæуы бæлвырд дзуапп, адæм цæимæ æрбацыдысты, уыцы фарстатæ лыг кæнынæн сын æххуыс кæнгæйæ".

Ахæм фембæлдтытæ ахъаз кæнынц горæтæгты царды хæрзхъæддзинад фæнывыл кæнынæн.

**Дзæуджыхъæуы администрацийы пресс-службæ**

**Коммуналон хæдзарад**

## Лифттæ ивынц



**Аппаратон æмбырды ныхас кæнгæйæ, Цæгат Ирыстоны цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министры хæдивæг Кучиты Зауыр куыд фехъусын кодта, афтæмæй ацы аз нæ республикæйы бирæфатерон хæдзæртты базæрондуæвæг 44 лифты ногтæй ивд æрцæудзысты.**

**— Бындурон цалцæгкæнынады цыбырæмгъуыдон пъланмæ ивддзинæдтæ хæссæм. 2023-2025 азтæн гæххæттытæ цæттæ кæнæм, уыцы-иу рæстæг ацы азы пъланмæ дæр æркæсдзыстæм. Нæ авналæнтæ нымайгæйæ, пъланмæ цыппор цыппар лифты бахæсдзыстæм, иннæ лифттæ та хаст æрцæудзысты 2023-2025 азты пъланмæ, — загъта хицауиуæггæнæг адæймаг.**

*Нæ уацхæссæг*

**Дзырды фарн**

*Уарзт кæм нæй,*
*уым цин дæр нæй.*

*КОЧЫСАТЫ Мухарбег*

Боныхъæд: **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **25 августы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **29-34 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **29-31 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,28

**Хурыскаст** — 05,18
**Хурныгуылд** — 18,46

Валютæйы аргъ: **Доллар** — 60,67↓ **Евро** — 59,36↓

12+

# Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламентмæ æвзæрстытæ




## ”Рæстаг Уæрæсе — Патриоттæ — Рæстдзинады фарс” лозунгты нæ — хъуыддæгты парти!

**Парти ”Рæстаг Уæрæсе — Патриоттæ — Рæстдзинады фарс” арæзт æрцыд 2006 азы. Уæдæй фæстæмæ баййæфта бирæ алыхуызон ивддзинæдтæ, ивд цыдысты йæ нæмттæ, йæ разамонджытæ, фæлæ æнæивгæ уыд — кусын æмæ архайын граждæнты хорзæхæн.**

Уый тыххæй куыстгонд æрцыд, граждæнты цардыуаджы фæзилæнтæ хаст кæмæ æрцыдысты, партийы ахæм программæ. Политикон партийы сæйрагдæр у адæймаг. Партийы разамонджытæ хатынц сæ бæрнондзинад Уæрæсейы граждæнтæ æмæ Цæгат Ирыстоны абоны æмæ фидæны фæлтæрты раз.

Мæнæ парти цы закъæтты ныхмæ хъæлæс кодта, уыдонæй цалдæр: пенсион кар фæфылдæр кæнын, граждæнты пенсийы æмбырдгæнæн хай бауромын æмæ кусæг пенсиисджытæн сæ пенси индексаци нæ кæнын. Уыдонæй уæлдай, депутаттæ уыдысты баххæстгæнæг аргъы хъалон 20 процентты онг фæфылдæр кæныны, фæцæрыны бæрцы æнæраст хъуыддаг æмæ йæ фæлхасты чыргъæдæй аиуварс кæныны ныхмæ. Ахуырады къабазы парти нымайы, ЕГЭ кæй халы ахуырады системæ мидæгæй æмæ уымæ гæсгæ архайдзæн йæ аивыныл.

Уæлдай æргом парти "Рæстаг Уæрæсе — Патриоттæ — Рæстдзинады фарс" аздæхта гæртам исыны æмæ паддзахадон исбонад давджыты ныхмæ, партийы хъуыдымæ гæсгæ, уыдон хъуамæ нымад цæуой паддзахадыл гадзрахатæй цæуджытыл.

Ноджы ма æнæмæнг бафтауын хъæуы гæртамхортæ æмæ сæ бинонты исбонад байсын, гæртамисджытæ дзырдæй æмгъуыдæй раздæр суæгъд кæнын æмæ дзырдæй æмгъуыд аивын æмæ уголовон бæрнондзинад сфидар кæнын æнæзакъонæй схъæздыджы тыххæй.

Партийы æвзæрстыты агъоммæйы программæйы хъуыдыйы дары террористтæн æмæ сæ хъузæттæн, къорд хатты лæгмартæ æмæ æнахъоммæ фæныхилыны тыххæй марыны тæрхон сног кæнын.

"Рæстаг Уæрæсе — Патриоттæ — Рæстдзинады фарс" архайдзæн паддзахады архайд экономикæ фæтыхджындæр кæныныл, хъалонисынады прогрессивондзинад дарддæр хуыздæр кæныныл, æппæт социалон фиддонтæ æмæ фæллойы æппынкъаддæр мызды бæрц фæфылдæр кæныныл.

*(Мыхуыргонд цæуы лæвар)*


Акци

## Сывæллæттыл аудынц

**Дзæуджыхъæуы Цæгат-Ныгуылæйнаг районы префектурæйы ацыд хæрзаудæн акци ”Фыццагкъласонæн — лæвар”.**

Зонындзинæдты боны кадæн районы фыццагкъласонтæ лæвæрттæ райстой. Бирæсывæллонджын бинонты сывæллæттæн пъартфелтæ радтой къæнцыларон товартимæ. Чи 'рбахæццæ кæны, сывæллæттæн уыцы ног ахуыры азы фæдыл сын раарфæ кодта префекты хæстæ æххæстгæнæг **Цырыхаты Аслан**: "Уæ ахуырад æнцонæй цæмæй цæуа æмæ арф зонындзинæдтæ цæмæй райсат, уый уын мæ зæрдæ зæгъы", — арфæ кæнгæйæ, бафиппайдта хицауиуæггæнæг адæймаг.

Сывæллæттæн лæвæрттæ скодта дукани "КИТ".

Ацы хабар фехъусын кодта Дзæуджыхъæуы администрацийы пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

Уæлдæр ахуырад

## Æфсæддон центры курсанттæ ард бахордтой

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты æфсæддон ахуырадон центры курсанттæ Хуссайраг æфсæддон зылды 58-æм æфсады рæнхъгай цыды плацыл æфсæддон ард бахордтой.**



Университеты ректор **Огъуаты Аланы** ныхасмæ гæсгæ, ацы аз курсантты дыккаг рауагъд сæххæст кæндзысты. Æфсæддон центры фæрцы боныгон ахуырады студенттæ запасы сержанттæ æмæ салдæттæ æфсæддон программæтæм гæсгæ ахуырад цæуынц. Ног ахуыры аз запасы афицерты цæттæ кæнын райдайдзысты. Æмбæлгæ æфсæддон æвдисæндартæ кæмæн радтынц, университет кастфæуæг уыцы адæмы фæстæдæр æрсидтмæ гæсгæ æфсæддон службæ кæнынмæ не 'рвитынц. Æрвылаз æфсæддон ахуырадон центрмæ ахуыр кæнынмæ кæй райсынц, уыцы 96 адæймагæй бацæттæ кæнынц запасы 24 афицеры, стæй запасы фæйнæ 36 сержанты æмæ салдаты, — загъта Огъуайы-фырт.

2019 азы Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты байгом кодтой Цæгат Кавказы республикæты фыццаг æфсæддон ахуырадон центр.

**ЦÆРИКЪАТЫ Оксанæ**

Нысантæ

## Цалцæггæнæн куыстытæ

**Цæгат Ирыстоны ахуырад æмæ наукæйы министр АЛЫБЕГТЫ Эллæйы ныхасмæ гæсгæ, нæ республикæйы фынддæс скъолайы ахицæн цалцæггæнæн куыстыты фыццаг хай.**

— Сывæллæтты æрбаздæхт чи нæ фæкъуылымпы кæндзæн, æппæтæй егъаудæр ахæм куыстытæ æххæстгонд æрцыдысты, цалцæггæнæн куыстытæ рæвдз цæуынц. Цалцæгкæныннады ныры хуызæн стыр программæ æххæст кæнæм фыццаг хатт. Сæдæгай азтæ кæуыл цæуы æмæ афтæмæй иунæг хатт дæр цалцæггонд чи никуы уыд, ахæм скъолатæ дæр нæм ис. Июуыл фылдæр бæрц скъолатæ сцалцæг кæныны фæдыл куырдиæттæ барвыстам. Æппæтæй парахатдæр куыстытæ кæм æххæст кæндзысты, фондз ахæм раззаг регионы номхыгъдмæ хаст æрцыдыстæм, — загъта министр.

Октябры кæронмæ 13 ахуыргæнæндоны цалцæггæнæн куыстытæ æххæстгонд æрцæудзысты, 4 скъолайы та афæдзы кæрон срæвдз уыдзысты.

Цæгат Ирыстоны Ахуырад æмæ наукæйы министрады сайты кæй сæвæрдзысты, ныййарджыты удæнцойдзинадæн амынд æмæ Арæзтады министрадтæ бацæттæ кæндзысты скъолатæ гом кæныны фæдыл ахæм кæронбæттæн номхыгъд.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: ныртæккæ 44 цæгатирыстойнаг скъолайы цæуынц цалцæггæнæн куыстытæ.

**ГÆЛÆУТЫ Наталья**

Цæстдард

## Æппарæццæгтæ æмбæлгæ уагæй æфснайынæн

**Куыстады æмæ фæлхасады æппарæццæгты тыххæй закъонæвæрынады домæнтæ æххæстгонд цæуынц æви нæ, Алагиры районы прокуратурæ уый сбæлвырд кодта.**

Цæстдарæг ведомствæйы кусджытæ куыд рабæрæг кодтой, афтæмæй, архайæг закъонæвæрынад халгæйæ, районы 18 хъæуы сæргълæуджытæ ацы аз æппарæццæгтæ раласыны фæдыл бадзырдтæ регионалон операторимæ не сфидар кодтой, æмæ афтæмæй адæм коммуналон æппарæццæгтæй æнæзакъонæй пайда кæнынц, стæй хицауады æвастæй бырондæттæ сæвзæрынц.



Амынд аиппытæ нымайгæйæ, районы прокуратурæ хъæуты администрациты сæргълæуджытæн бауайдзæф кодта.

Прокуророн дзуаппы акттыл куыд æрныхас кæндзысты, стæй закъонæвæрынады хæлдтытæ иуварсгонд æрцæудзысты æви нæ, районы прокуратурæ уыдæттæм цæст дары.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Кусæг фембæлд

## Ахсджиаг ныхас

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН кусæг фембæлд уыд федералон автомобилон фæндаг ”Кавказ”-ы разамонæг Александр ЛУКАЩУКИМÆ. Ныхас рауад, арæзтады проекттæ царды куыд æнтысынц, ууыл æмæ федералон ахадындзинадимæ фæндæгты рацарæзтыл.**



Фембæлды ма архайдтой федералон автомобилон фæндаг "Кавказ"-ы разамонæджы хæдивæг **Анзор Зубкаев** æмæ фæндаджы дзæуджыхъæуккаг филиалы хицау **Гуыбаты Чермен**. Фылдæр æргом аздæхтой Дзæуджыхъæуы фæрсты цæуæг Р-217 фæндаджы дыккаг æмæ æртыккаг рады арæзтадмæ. Александр Лукащук куыд бацамыдта, афтæмæй арæзтад цæуы æнтыстджынæй.

"Сæйрагдæр у транзитон транспорт горæтæй æддæмæ ракæнын. Уымæй æдасдзинад фæфылдæр уыдзæн, цæрæнбынæтты экологон уавæрыл фæзындзæн", — загъта фæндаг "Кавказ"-ы разамонæг. Куыд бафиппайдта, афтæмæй проектмæ гæсгæ фæндагæн уыдзæн ног уæлцъар. Машинæтæ кæм цæудзысты, уый уæрх уыдзæн 15 метры, фæндаг уыдзæн цыппар тæлмыл дихгонд, сæ алкæй уæрх ахсдзæн 3,75 метры бæрц. Специалисттæ сараздзысты дыууææмвæзадон транспортон æртæ рахизæны, æдасдзинад нымайгæйæ — хиды хуызæн авд арæзтады. Уыдонæй дыууæ уыдзысты тъунелты хуызы.

Цы хид дзы ис, уый ногæй рацараздзысты æмæ Саудоны донвæд рамраст кæндзысты. Шофыртæн сараздзысты фæлладуадзæн бынат сывæллæтты фæзуатимæ. Цæудзæн дзы 600 машинæйы бæрц, фæндаджы фæрсты уыдзæн электрон рухс, сфидар дзы кæндзысты ирд рухс мынæг кæныны ныхмæ экрантæ, згъæр гæрæнтæ кæрæтты.

Сергей Меняйло радзырдта, Уæллаг Ларсы сæрты арæнтыл ахизынвæнд кæмæ ис, уыцы автотранспортæн республикæйы электронон рад кæй саразтой, уый тыххæй. Республикæйы Сæргълæууæг Александр Лукащукæн куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй сæ бон уаид Кавказ.РФ-имæ æрлæууæн лæвар бынæттæ саразын. "Уый уæ къухы куы бафта, уæд тагъд Цыми æмæ Алханчурты цур ахæм бынæттæ фæзындзæн. "Автодор" сын сæ уæлцъар сæхгæнид, Кавказ.РФ та дзы бирæфадатджын бынæттæ саразид. Ахъуыды ма кæнæм, кæд нæ Уæрæсейæ разыйы дзуапп бахъæуа, уæд сæм æрхатдзынæн", — загъта Сергей Меняйло.

Александр Лукащук уыцы хъæппæрис растыл банымадта, кæй ахъуыды кæндзæн æмæ тагъд йæ фæндæттæ рæгъмæ кæй рахæсдзæн, уый бацамыдта.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Хуссар Ирыстонæй

## Хъахъхъæнынады министр — Марат Павлов

**Хуссар Ирыстоны Президент ГАГЛОЙТЫ Аланы Указæй республикæйы хъахъхъæнынады министрæй нысангонд æрцыд Марат ПАВЛОВ. Уый фæдыл уынаффæ Президент бафыста дыццæджы.**



Æмæ уыцы бон Гаглойты Алан министрады бæрнон кусджыты базонгæ кодта сæ ног разамонæгимæ.

Фембæлды райдайæны Президент куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй Марат Павлов йæ службæйы хæстæм гæсгæ амæй размæ дæр æнгом æмархайд кодта Хъахъхъæнынады министрады минæвæрттимæ, йæ иузæрдион куыстæй стыр æвæрæн бахаста республикæйы хæстон хъомыс фидардæр кæныны хъуыддагмæ.

"Ныфс мæ ис, ног разамонæгимæ Хъахъхъæнынады министрады хъомыс кæй фæтыхджындæр уыдзæн, уымæй. Æппæт фарстатæ дæр — æфсæддон службæгæнджыты мыздæй райдай æмæ Гæрзифтонг тыхты хæстон цæттæдзинадæй фæу — бæрнондæрæй æмæ ахадгæдæр хуызы лыггонд кæй цæудзысты, ууыл мæ зæрдæ дарын. Уыцы фарстатыл бакусынæн ног министрмæ ис бæрзонд профессион цæттæдзинад, стæй службæйы фæлтæрддзинад дæр", — загъта Президент.

Йæ иннæ Указæй Гаглойты Алан отставкæйы арвыста республикæйы хъахъхъæнынады министры фыццаг хæдивæг — Гæрзифтонг тыхты Генералон штабы хицау Виктор Федоровы.

**(Информацион агентад "Рес")**

Энергетикæ

## Административон бæрнондзинад дзы æрдомдтой

**Компани ”Севкавказэнерго”-йы специалисттæ пъæлицæмæ барвыстой Мæздæджы уæвæг хойраджы дуканийы хицæуттæй административон бæрнондзинад бадомыны тыххæй æрмæг.**

Хардзгонд электрон тыхы бæрц раст чи не 'вдыста, амæй размæ электрон тыхнымайæны мидæг ссардтой ахæм электронон ифтонггарз. Электрон тыхнымайæны куыстмæ æнæзакъонæй кæй фæныхылдæуыд, ууыл акт сарæзтой. Давд электрон тыхы бæрц рауад 12 мин кило-Ватт-сахаты, финансон зианы бæрц та — 100 мин сомы.




Арæзт акт куыд амоны, афтæмæй дуканийы хицауы хæс у цыбыр æмгъуыдмæ давд электрон тыхы аргъ æххæстæй бафидын. Уымæй уæлдай, уæвæн ис, æмæ "Административон барадхæлдтыты тыххæй" кодексы 7.19-æм статьямæ гæсгæ, дуканийы хицауæй административон бæрнондзинад бадомдзысты, стæй йæ 30-80 мин сомæй фæивар кæндзысты.

**Компани "Севкавказэнерго"-йы пресс-службæ**

Æрæфы районæй

## Ног сценæ

**Задæлесчы Нанайы кувæндонмæ 'ввахс чи ис, уыцы фæз аивгонд æрцыд, (хъæуы цæрæг нæлгоймæгтæй иу Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОМÆ куы бахатыд, уæд амынд куыст сæххæст кæнын бантыст).**

Фæзуат дурджын уæлцъарæй æрæмбæрзтой, стæй бæрæгбæттæ аразынæн сценæ саив кодтой.

— Куыстыты фыццаг хай фæззæджы сæххæст кодтам, уалдзæджы та ногæй аивгæнæн куыстытæм бавнæлдтам. Бынæттон адæм дæр ацы куыстыты разæнгардæй архайдтой. Æрвылаз Задæлесчы Нанайы бæрæгбонмæ æрбацæуы бирæ уазджытæ. Ныр бæрæгбæттæ раздæрæй удæнцойдæр уавæрты аразæм, — зæгъы Задæлесчы хъæуы сæргълæууæг **Хадаты Алинæ**.



Музей Задæлесчы Нана архайдта фестивал "Аланикæ"-йы фæткмæ гæсгæ ацæуæг конкурсы. Нырыккон аивады фæрцы культурон бынтæ равдисынæн æрыгон нывгæнджытæ ам сараздзысты арт-объект. Конкурс ацæудзæн 2 хайæ. Хадаты Алинæйы ныхасмæ гæсгæ, ацы азы фæззæджы кæмæ бавналдзысты, уыцы куыстытæ иннæ аз сæххæст кæндзысты.

**Нæ уацхæссæг**

Нæ истори — нæ уды фарн

# Сахы æфсад — Ирыстоны

**Раджы заманы æндæрбæстаг тыхгæнджытæ иу æмæ дыууæ хатты нæ лæбурдтой нæ фыдæлты зæхмæ. Ныр дæр ма нæ хæхбæсты хъуынасæр мæсгуытæ хъуыды кæнынц фаттæ æмæ æрдынтæй ифтонг мангойлаг бæхджынты, персайнаг хæстонты къæдз æхсаргæрдтимæ æмæ кæсгон абырджыты æд хъримæгтæ. Фæлæ нæ фыдæлтæ æдзухдæр аккаг ныхкъуырд лæвæрдтой, хæххон бæстæмæ тых кæнынмæ чи бырста, уыдонæн, æмæ-иу алы хатт дæр æддагон знæгтæ сæ мæлæт ссардтой Ирыстоны дурджын зæххыл.**

Ацы уац мах ныффыстам, ивгъуыд æнусы 30-æм азты Цæгат Ирыстоны раздæры зонадон-иртасæн институты ахуыргæндтæ, республикæйы хъæуты цы фольклорон æрмæг æрæмбырд кодтой, уый бындурыл, æмæ дзуры цыппар æнусы размæйы цаутыл. Бæлвырддæр та нæ фæнды, персайнаг æфсæдтæ Ирыстонмæ куы ныббырстой, уæды хабæрттæ радзурын.

### Фыццаг хай

Цæвиттон, XVII æнусы Перс (Иран) уыдис Скæсæны тæккæ тыхджындæр паддзахæдтæй иу. Уæлдай фидардæр æмæ хъæддыхдæр кодта сах Аббас Фыццæгæмы хицаудзинады рæстæджы, бæлвырддæр та — 1586-1628 азты. Историон æрмæджыты куыд баззад, афтæмæй сах Аббас Фыццæгæм уыдис паддзахы мыггаг Сефевидтæй æмæ йын хæцæнгарзы æххуысæй бантыст йæ империмæ Афганистаны дзæвгар зæххытæ бафтауын, байста Астæуккаг Ази æмæ Ирақы иу хай, Азербайджан, гуырдзиаг паддзахæдтæ Картли æмæ Къахет.

Фæскавказæй персайнæгтæ æппынæдзух лæбурдтой Дагестанмæ, 1614 азы фæззæджы та сахы æфсæдтæ рахызтысты Дзуары æфцæгыл æмæ Арвыкомы фæндагыл ныббырстой Ирыстонмæ. Сæ нысан ахæм уыдис, æмæ хъуамæ басастаиккой хæххон бæстæйы. Уымæй уæлдай, фæнд кодтой Центрон Кавказы æфцæджытæ бацахсын, цæмæй ардæм Уырысы тæвaг ма хæццæ кодтаид.

Уæды рæстæджы сах Аббас Фыццæгæмыл цыд 40 азы, йæ царды фылдæр рæстæг æрвыста саргъыл æмæ нымад уыдис тæккæ фæлтæрдджындæр хæстон разамонæгыл. Фæлæ ацы хатт йæ бон не сси стæры архайын, баззад Исфаханы, цæмæй уынаффæ кодтаид йæ диссаджы стыр империйæн. Сах иттæг хорз зыдта, хохæгтæ сæ сæрибардзинад фæстаг туджы æртахы онг кæй хъахъхъæндзысты, уый. Уымæ гæсгæ йæхимæ фæсидт йе 'фсæдты хæстон разамонæг Амир Незаммæ æмæ йын бардзырд радта, цæмæй зæрондæй, ногæй тæригъæд макæмæн кæна. Æгъатыр паддзахы фæндмæ гæсгæ хъуамæ Ирыстон саст æрцыдаид зымæгон уазæлттæ фæкæныны агъоммæ.

Æцæгдæр, сахы æфсады ныхмæ æнцон фæлæууæн нæ уыдис. Йæ рæнхъыты хæцыд, æхсаргæрдтæ, фаттæ æмæ æрдынтæй ифтонггонд чи уыд, ахæм цалдæр мин бæхджыны. Иуæй-иу сарбазтæ (хæстонтæ) та хæцыдысты топпытæй дæр. Уæдæ сахы æфсады уыдис сармадзантæ дæр. Ласгæ та сæ кодтой сæрмагонд уæрдæтты æмæ сæ хуыдтой "хелатæ". Фæсте сын уыд цæлхытæ, разæй та — дзоныгъ. Ахæм уæрдæттæй пайда кодтой хæххон уавæрты уæзæгтæ ласынæн. Уæдæ сахы æфсады хæстонтæй бирæтæ зыдтой фидæрттыл зынг æфтауын дæр. Семæ нефт хастой стыр



**Персайнаг сах бæрæгбоны уæлæдарæсы. Нывгæнæг Ф.Готтенрот**



**Персайнаг барæг фат æмæ æрдынимæ. Араббаг зæрингуырды æвзистæй конд ныв XVII æнус**

æвгты. Сæрмагонд линзæты æххуысæй-иу хуры тынтæ нымбырд кодтой æмæ-иу 100 метры дæрддзæгæй дæр тулдз фæйнæг уайтагъддæр ссыгъдис. Хуымæтæджы йæ нæ фыдæлтæ "хурын æртытæ уадзын" нæ хуыдтой.

Хъуыддаг дарддæр афтæ рауад, æмæ сахы æфсæдтæ Арвыкомы æнцонæй рахызтысты, персайнæгтæ "Даре алан" ("Аланты дуар") кæй хуыдтой, уыцы кæддæры домбай фидарыл, æмæ сæ фæндаг дардтой хæхты. Æппæты разæй цыдис, йæ хъæд сыгъзæрин доны тылд кæмæн уыд, ахæм кæрдæгхуыз тырысаимæ барæг. Йæ фæстæ та сырх зæлдагæй æхгæд уæрдон тылд уæззаугæй. Ам Амир Незам цыд, ирæттæм та афтæ каст, цыма дзы сах йæхæдæг бадт. Акæс, уæд базмæлæн нал уыд Арвыкомы. Уæрдæтты цæлхыты хъыррыст, хæцæнгæрзты зæлланг, бæхты мыр-мыр, мингай цæфхæдты æмдзæгъд къæйдуртыл æмæ хæстонты хъæлæба хъуыст дардмæ.

Ацы уынæр-иу фæндаггонтæй чи фехъуыста, уыдон-иу фæтагъд кодтой сæ райгуырæн хъæутæм, цæмæй адæмæн фехъусын кæной, цы тас сæм æнхъæлмæ кæсы, уый. Æцæгдæр, персайнæгты æрбабырсты тыххæй уайтагъд базыдтой Ирыстоны алы кæмтты. Уæды рæстæджы сылгоймæгтæ сæ зонгуытыл куывтой æмæ æххуысæнхъæл кастысты цъæх арвмæ. "О, Хуыцау, фыдбоны фынтæ ма 'рцæуæнт нæ хъæбулты сæртыл".

Персы æфсæдтæ Цымимæ куы рахæццæ сты, уæд Арвыкомы фæндагæй иуæрдæм фездæхтысты æмæ гуырдзиаг раздзæуджыты æххуысæй хæххон къахвæндæгтыл ныттъанг сты ныгуылæнмæ. Сæ фæндагыл ныппырх кодтой Зæронд Санибайы, Хъæни æмæ Дæргъæвсы мæсгуытæ. Фæстæдæр Хъахъхъæдуры æфцæгыл ныххызтысты Куырттаты коммæ æмæ фæдих сты дыууæ хайыл. Иу къорд æртыхст Дзывгъисыл, иннæ та Къорайы æфцæгыл февзæрд Уæлладжыры комы. Фæстæдæр дыууæ къорды дæр баиу сты Донысæры æмæ сæ ных сарæзтой Зæрæмæгмæ. Ам уыдысты ирæтты сæйраг тыхтæ. Фæндагыл персайнæгты размæ цы фидæрттæ уыдис, уыдоны пырхгæнгæ цыдысты, хæххон хъæуты та-иу арты хай бакодтой.

Уæды рæстæджы хæхты фæхстæ æмæ къуылдымтæ уыдысты хъæдæхгæд. Сахы æфсæдтæ размæ цыдысты, сæхицæн фæндаг кæнгæйæ. Фылдæр рæтты-иу бæлæстæ акалдтой, къæдзæхты къуыбыртæиу рараст кодтой. Уыцы фæндаджы иу хай бынæттон цæрджытæ ныр дæр ма хонынц Сахы над, иннæ хай та Хела над. Абон дæр ма Куырттаты комы тæккæ бæрзонддæр къæдзæхтæй иуы фахсыл ис, фæндаджы хуызæн чи зыны, ахæм даргъ хахх. Бынæттон цæрджытæ цы таурæгъ зонынц, уый куыд дзуры, афтæмæй фæндаг у сахы уæрдоны фæд. Кæд ыл цыппар фондзыссæдз азы рацыд, уæддæр абон дæр нæма ссыд.

Персайнæгтæ куы æрбабырстой Ирыстонмæ, уæд æнахъомтæ, сылгоймæгтæ æмæ зæрæдтæ ацыдысты хъæдсæртæм, бамбæхстысты хæхты цъассыты, нæлгоймæгтæ та хæцгæ кодтой. Хохæгтæ хорз зыдтой фат æмæ æрдынæй, топпæй æхсын. Арæх-иу сæхи ныццавтой сахы æфсæдтыл, бабадтысты-иу сæ размæ, кæнæ-иу сын сæ хъахъхъæнджыты ныццагътой. Иу хатт куы уыд, уæд та Æрхонмæ æввахс Амир Незамы лагермæ балæбурдтой.

Хъуыддаг афтæ уыд, æмæ Æрхон цалдæр хæдзары куы сси, уæд цардысты къуылдымы зæронд хъæуы бынаты. Уæды цæрджытæм ахæм фæтк уыдис, æмæ-иу куывд скодтой Тæтæртуппы бæрæгбоны размæ. Ныр дæр та хъæлдзæг гаджидæуттæ куы уагътой сæ куывды, уæд æртæ персайнаг сгарæджы фæзындысты хъæуы. Адæм сын се 'взаг не 'мбæрстой, уæддæр сæ сбадын кодтой фынгыл. Æнæхуынд уазджытæ цæуынвæнд куы скодтой, уæд ма сын зæрдæхæлар фысымтæ хæринаг нывæрдтой семæ. Æнахуыр лæгтæ куы фæтары сты, афтæ æрхонæгтæ æд бинонтæ сæхи айстой хъæдмæ.

Сахы æфсад æнæнхъæлæджы фæзынд хъæуы. Куы никæй ссардтой йæ цæрджытæй, уæд джигул кæнын райдыдтой хæдзæртты. Цы ссардтой, уымæй уæлдай, царциаты заманæй чи баззад, уыцы кувæндонæй (ныртæккæ йæ хонынц Саниба) бирæ хæзнатæ рахастой. Фæстæдæр сæ раздзоджы цатыр айтыгътой, æртæ галы аргæвстой, сфыхтой сæ æмæ дзуары цур уæлбыл рабадтысты. Куы бахордтой, уæд сæхи æруагътой кæрдæгыл, сæ бæхтæ сæ цуры, афтæмæй.

Куы æрталынг, уæд ирон лæппутæ æрдузы алыварс хъæдыл бандзæрстой æмæ сæхи ныццавтой персайнæгтыл. Амир Незам сæ сæргъы, афтæмæй фылдæр сарбазтæ раирвæзтысты арты цæхæрæй, фæлæ ам йæ мæлæт чи ссардта, уыдон чысыл нæ уыдысты. Ныр дæр ма уыцы хъæды æвзалы æмæ адæймаджы сыгъд стджытæ рахауынц сыджытæй кæнæ къæрццытæ фæкæнынц къæхты бын.

Хъыгагæн, персайнæгтæ сæ маст бирæ нæ баурæдтой. Бон фæстæдæр сахы æфсæдтæ раздæхтысты Æрхонмæ æмæ йæ зæххы æмвæз скодтой.

**ЦОГОЙТЫ Валодя, историон наукæты кандидат**

*(Уыдзæн ма)*

Цардæй ист хабæрттæ

## Мæ фыды хæстон æмбал

Уæд нæ хъæуы æрдзон газ нæма уыд. Арт кодтам сугтæй. Суг та нæм арæхдæр уæй кæнынмæ ластой нæ сыхаг кæсгон Хатуты хъæуæй. 1971 азы уæд æз ахуыр кæнынмæ бацыдтæн ЦИПУ-мæ. Мæ фыды амардыл афæдз дæр нæма рацыд, афтæ дын иу бон кæсын, æмæ уынгты æрцæуы иу бæхуæрдон, йæ гуыффæ сугтæй йедзагæй, афтæмæй.

Уыцы хъызт зымæг нæм суджы къæцæл дæр нал уыд, æмæ æз бæхуæрдоны хицауы нæ разы фæурæдтон. Мæ мады пенсийæ æртæ туманы систон æмæ мын кæсгон лæг сразы уыцы аргъыл йæ сугтæ раттынил.

Бæхуæрдон баздæхтам нæ кæртмæ. Сугтæ куы равдæлон кодтам, уæд æз кæсгон лæджы мидæмæ уазæгуаты æрбахуыдтон. Йæ къухы йын банымадтон æртæ туманы. Мæ мад ын стъолыл æрæвæрдта графины арахъ, цыхт æмæ дзул.

Кæсгон лæгæн арахъы агуывзæ йæ разы куы 'рæвæрдтон, уæд уый комкоммæ кæсгæйæ баззад, къулыл мæ фыды къам кæм ауыгъд уыд, уымæ. Фестад йæ бынатæй, комкоммæ мын мæ цæстытæм ныккаст æмæ мæ бафарста:

— Уый, къамы, дæ фыд, Хъайтыхъо у?

— О, — загътон ын æз.

— Æмæ кæм ис ныртæккæ?

— Æрæджы фæзиан.

Уый арф ныуулæфыд, йæ цæстытæ доны разылдысты æмæ мын ризгæ хъæлæсæй, загъта:

— Æз... Æз дын хорз зыдтон дæ фыды. 1941 азы Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд нæ горæт Ростовмæ иу товарласæн поезды ластой. Сталинграды хæсты дæр иумæ хæцыдыстæм. О, цæй зын мын у дæ фыды амарды хабар...

Кæсгон лæг бацамыдта йæхи — Ахмед Кончикоев. Арахъы агуывзæйæ стъолмæ æртагъта æмæ мæ фыды рухсаггаг банызта.

Ризгæ къухæй ныссæрфта йæ уымæл цæстытæ. Систа йæ дзыппæй, суджы аргъæн ын цы æхца радтон, уыдон, æмæ сæ стъолыл сæвæрдта. Нал сæ бакуымдта райсын.

Цæуыны размæ ма мæ бафарста, мæ фыды афæдзы кæнд кæд кæндзыстæм, уымæй. Æз ын загътон — 7 июны.

1971 азы 7 июны, мæ фыдæн афæдзы кæнд куы кодтам, уæд дын сихормæ 'ввахс нæ цуры иу уæзласæн хæдтулгæ куы 'рлæууид. Уырдыгæй фыццагдæр рахызт мæ фыды хæстон æмбал Ахмед Кончикоев, йæ фæстæ та иннæ кæсгон мæрддзыгойы адæм. Уыдон тæфæрфæс ракодтой афæдзы кæндмæ æрцæуæг адæмæн. Кончикоев кæстæртæн машинæйæ рахæссын кæнын кодта иу сау фыс æмæ йæ йæ номыл аргæвдын кодта. Мæ къух мын зæрдиагæй нылхъывта æмæ мын загъта: "Дæ фыды ном макуы фегад кæн, мæ хур..."

## Дæс фæткъуыйы

Ацы хабар мыл æфсæддон службæйы рæстæг æрцыд. Цæвиттон, мæнмæ дæр амонд бахудт æмæ мын нæ командир дæс боны æмгъуыдмæ куы раттид отпуск.

Ссыдтæн цингæнгæ мæ райгуырæн хъæумæ. Дæс боны кæуылты атахтысты, уый æмбаргæ дæр нæ бакодтон.

Æрцыд мæ фæстæмæ здæхыны бон. Мæ мад мын мæ чысыл чемодан байдзаг кодта алыхуызон хæринæгтæй. Æз ма æртыдтон, нæ цæхæрадоны цы диссаджы хæрзад æмæ адджын тæфгæнаг цъупп фæткъуытæ зад, уыдонæй дæс æмæ сæ сæвæрдтон мæ чемоданы. Æфсæддон хаймæ куы ныццыдтæн, уæд уыцы фæткъуытæ ме 'фсæддон æмбæлттыл байуæрстон. Иу ма дзы ныуагътон мæхимæ. Фæлæ куы фехъуыстон, не 'мбæлттæй иу, Сашæ Пашков госпиталы хуыссы, уый, уæд мæ цæст нал бауарзта уыцы фæткъуы бахæрын æмæ йæ ахастон госпиталмæ, Сашæйæн.

Æз Сашæмæ уыцы фæткъуы куы радтон, уæд уый йæ мидбылты фæлмæн бахудт æмæ афтæ:

— Хуыцауы тыххæй, кæцæй хæссут ацы диссаджы адджын тæфгæнаг фæткъуытæ? Уый йæ тумбочкæйы лагъз раласта æмæ мын мæ фæткъуы дæр иннæтимæ куы ныппарид. Æз лагъзы уайтагъд базыдтон мæ фæткъуыты. Мæхинымæр сæ анымадтон æмæ разындысты — дæс. Куыд базыдтон, афтæмæй ме 'мбæлттæй иуæн дæр Сашæйы разæй бахæрын йæ цæст нæ бауарзта мæ лæваргонд фæткъуытæ, æмæ йæм сæ иугай фæхастой.

**ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат**

Афтæ цæмæн дзурæм

## Де 'гæр фæкалай

Ацы ныхас иу бакастæй æлгъысты хуызæн у. Уымæй дæр æй фæзæгъынц, адæймаг йæ ми, йæ ракондæй разы кæмæн нæ вæййы, уымæн: "Де 'гæр фæкалай, уый цы бакуыстай". Кæнæ "Де гæрылæй, афтæ та куыд ахъуыды кодтай". Де 'гæр фæкалай кæмæдæрты хъуысы: "Дæ игæр фæкалай". Уый æппындæр никæцы 'рдыгæй у раст. Уымæй ацы ныхас дыууæ адæймаджы æхсæн тызмæг хуызы загъд не 'рцæуы, иу иннæйы мæлæтмæ бæллæгау. Æрмæст хъазгæмхасæнты, рохст зæрдæйы уагимæ, æнæразыдзинад æвдисгæйæ. Æмæ йæ хъуыды у: "æгæр бирæ дæм цы ис, дæ цардыл æвзæрæрдæм цы нæ фæзындзæн, уый акалай, фæкалай".

## Æнæуæрст адæмæй — хорз дæ хай

Чи сты æнæуæрст адæм? Сылгоймæгтæ. Æмæ ацы арфæ кæнынц усгур лæппуйæн, цæмæй йæ цард кæимæ баиу кæна, уыимæ амондджын уа, хæрзтæй йæм дзы æрхауа. Сылгоймæгты та æнæуæрст адæм уымæн хонынц, æмæ сæ уаргæ нæ кæнынц, фæлæ сæ æрцагурынц цардæмбалæн. Æмæ цæмæй усгурæн уыцы агуырд рæстмæ фæуа, уый тыххæй йын адæмы арфæ у: "æнæуæрст адæмæй — хорз дæ хай".

## Ныхы дзуары хорзæх дæ уæд

Ацы арфæ та ирон адæм кæнынц чындздзон чызгæн, ног чындзæн. Ныхы дзуар ирон мифологийы у, моймæдзыд сылгоймæгтæн сæ къайад рæстмæ чи кæны, ахæм бардуаг. Уый аудындзинады фæрцы сылгоймаг йæ мойы хæдзары рæбинаг свæййы, амонд æм дзы бахуды, хур дзы фены æмæ йын хурæргом хæдзар свæййы. Йæ мад æмæ фыды хæдзарæй, кæм бахъомыл, уымæй йын фæадджындæр, фæхъармдæр вæййы. Чындзы кæцæй рацыд, уыцы хæдзар цæгат дæр уымæн хуыйны.

Ирон адæммæ чызг-сылгоймæгтæн ис карз æлгъыст, фыдныхы дзуар ахæсс, зæгъгæ. Æмæ уымæй хызт уæд нæ чындздзонтæ, Ныхы дзуары хорзæх сæ уæд!

**ЦГЪОЙТЫ Хазби**

Нæ риссаг фарстатæ

# Куыст — цардæн фæрæз

**Алы бæрæгбоны размæ дæр нæ горæттæ æмæ хъæуты уынгтæ адæмæй федзæрæгхуыз вæййынц. Цæмæн? Базартæм аивылынц бæрæгбонмæ истытæ æлхæнынмæ. Фæстæмæ цæугæйæ сæ дынджыр хызынтæ æмырдзагæй тыхулæфт байдайынц, раст, цыма, уыцы бæрæгбон фæстаг бæрæгбон у æмæ сæ къаты бон цæрын нал хъæудзæн. Бирæтæн сæ хуыздæр хæтæнтæ — базартæ æмæ дуканитæ. Бæстæ базар фестад. Кæронæй чи цæры, уый дæр йæ хæдзары иу къуым æддæмæ ракъæртт кæны, чысыл дукани дзы ацаразы, æмæ уырдыгæй ракæс-ракæс кæны.**

Адæммæ уæйгæнинæгтæ уыд раздæр дæр, фæлæ уæй кодтой, сæ тугвæллой, сæ чъиухиды фæллойæ-иу сæм, цы цыд, уый. Махмæ, хъæуы, дзæвгар балбæлæстæ уыд, тугыл-иу аскъуыдысты, фырзадæй-иу зæу-зæу кодтой. Æнцон нæ уыд дыууæ-цыппар ведрайы балтæй байдзаг кæнын. Чылауи кæнæ æхсынцъы бæлæсты хуызæн балты нæ бауигъдзынæ æмæ сæ не 'руидздзынæ. Къалиуæй-къалиумæ рахил-бахил кæнын хъуыд, цæнгтæ райваз-байваз кæройнаг балтæм. Балбæласæн йæ къалиутæ сæртæг сты, æмæ тæссаг уыд, дæ къæхты бын куы ныссæттой æмæ куы рахауай, уымæй. Æмæ дæхи дæр хъахъхъæн æмæ тонгæ дæр кæн. Фæлæ-иу уæддæр мæ мадимæ фæйнæ дыууæ ведрайы цъупдзагæй, Китайаг фæз кæй хонынц, уым балæууын кодтам. Уынджы тигъыл сæ авæр æмæ-иу сæ уайтагъд æрбауæй кодтам. Æмæ бонасадæн дæр нæ кодтам, зынаргъдæрыл сæ ауæй кæныны тыххæй. Цы-иу нын истой, ууыл-иу сæ радтам.



Афтæ-иу ауæй кодтам нæхи куыст картоф дæр, мæнæуыл дæриу дзы баивтам, голлаг голлагыл ивтой, Мæздæгæй-иу кæй сластой, уыцы мæнæу. Нæхæдæг дæриу сыхæгтимæ уырдæм фæйнæ дæс — фынддæс рæхсадком голладжы картоф аластам. Афтæ иннæ хъуыддæгтæ дæр. Уыцы фæллой нын уыд тайæн, фарсылхæцгæ, уымæн æмæ нæхи къухты фæллой уыд, нæхи тухæн, нæхи куыст.

Джусойты Нафийы уац "Хосдзауы сагъæстæ", зæгъгæ, уым загъдæуы: "Исты саразын, сфæлдисын зонд æмæ цонджы тыхæй, — уый никæйуал æндавы, иу стæмтæй дарддæр. Иууыл — базар æмæ базар, асламæй балхæн, зынаргъыл ауæй кæн: иууыл æрмæст æхцайы кой, хæдтулгæйы кой, милуанты кой... Стыр базайрæгтæ ссарын æмæ ауæй кæнын кæй бон нæу, уый та лыстæг базарыл ныхæцыд: алы уынджы дæр чысыл киосктæ, æмæ сæ хуыггæмттæй ракæс-ракæс кæнынц кæстæр фæсивæд, фылдæр та 'взонг чызджытæ.

Цы хуызæн адæймаг уыдзæн, ахæм хуыггомы йæ царды æрыгон бонтæ чи батона, уый? Йæ царды хуыздæр афон уæй æмæ сайыны хъуыддагыл чи бахардз кæна, йæ цæсты æхца иууыл стырдæр хæзна кæмæн уа, уый цы хуызæн лæг уыдзæн? Мыййаг, йæхæдæг дæр уæййаг куы суа, уымæй тас нæу? Науæд цы зондыл хъуамæ бафтауа йæ фидæны сабиты та?"

Хъуг дардтам æмæ-иу дзы бинонтæ дæр сойуырз, сойбыл уыдысты æмæ æддагæттæ дæр. Цыхт-иу уæй дæр акодтам. Æмæ къæмдзæстыг никæй раз уыдыстæм, уымæн æмæ нæхи ахст цыхтытæ уыдысты. Нæхи тухæн! Æмæ хъугæн холлаг самал кæныны тыххæй дардмæ цыдтæн? Йæ цæхæрадон-иу чи нæ куыста, кæнæ йæ бон бакусын кæмæн нæ уыд, уый-иу мын загъта æмæ-иу дзы мæхицæн хос скодтон. Иуæн æй йæ цæстмæ куы бадардтон, дæ армы тъæпæны йас зæххы гæппæл цæуылнæ бакусыс, зæгъгæ, уæд мын афтæ бакодта: "Æмæ йæ тухæны аргъ нæу, фæлтау мæ цы хъæуа, уый базары балхæндзынæн". Омæ, зæгъын, алчидæр дæ хуызæн куы хъуыды кæна, уæд тагъд уыцы базары дæр балхæнинаг ницуал уыдзæн, уымæн æмæ йæм ничиуал ницы хæсдзæн, нæ цæхæрадæттæ кусгæ куы нал кæнæм, уæд.

Æмæ уымæн сагъæс кæны Джусойты Нафи дæр йæ уац "Хосдзауы сагъæстæ"-йы: "Æнæмæнг ма хъæуы фæлдисæн куыст сног кæнын, сæндидзын кæнын. Ныр бирæ азты адæм куыстыл нал сты. Фехæлдысты куыстуæттæ. Кæй аххосæй, уый æвзарын дæр нæу ныртæккæ иууыл ахсджиагдæр. Уымæн дæр йæ рæстæг æрцæудзæн æмæ йæ равзардзыстæм. Фæлæ уал кусын райдайæм. Курæггагæй ис цалдæр боны кæнæ цалдæр азы фæцæрæн, фæлæ цæрæнбонты мæгуыргур цæуой адæм, уый гæнæн нæй. Уæд сæфтмæ цæуынц адæм дæр æмæ цард дæр.

(Кæрон 4 фарсыл)

Сыгъдæг бынат

## Уæллаг Зджыд

**"Уæллаг Зджыд у Уæрæсейы фитосанитарон сыгъдæг нысаниуæгимæ иунæг бынат", — уый тыххæй фехъусын кодта А.Г.Лорхы номыл Картоф иртасæн федералон центры директоры хæдивæг Еленæ ОВЭС.**



Куыд радзырдта, афтæмæй ма ацы бынатæн ис барадон бындур дæр. "Нæ бæстæйы 2013 азæй фæстæмæ æндæр фитосанитарон бынат нæ фæзынд. Æндæр нысаниуæджы бынæттæ нæм ис, фæлæ Уæллаг Зджыдæн ис фитосанитарон бындур", — фæбæрæг кодта Еленæ Овэс.

Цæгат Ирыстоны 18-19 августы уыд картофы мыггæгтимæ баст дунеон наукон-практикон форум. Уырдæм сæмбырд сты 250 наукон-практикон кусæджы Уæрæсейы 40 регионæй æмæ хæстæгдæр фæсарæйнаг бæстæтæй уазджытæ.

**Нæ уацхæссæг**

Спортивон фидиуæг



Спартакиадæтæ

# Богæлттæм сыгъзæрин æмæ бронзæ майдантæ

**Æппæтуæрæсеон спартакиадæйы ерыстæ ацы бонты цæуынц Тæтæры Республикæйы сæйраг горæт Хъазаны спортивон хъæбысхæстæй.**

Фыццаг сбæрæг сты грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй фæуæлахизуæвджытæ. Ирыстойнаг богæлттæ ерысты архайдтой дыууæйæ, **Тыбылты Георги** (60 кг) æмæ **Гугкаты Давид** (79 кг).

Æнтыстджындæр рауад Тыбылты Георгийы архайд (йæ тренер **Цæмæхъуаты Нарт**). Георги фæуæлахиз æртæ ныхмæлæууæгыл, фæлæ ерысты 1/2 хайы хæрзчысыл фæхæрд **Эмин Сефершаевæн,** æмæ йын кæронбæттæнмæ рацæуын нал бантыст. Фадат ма йын уыд 3-аг бынатыл тох кæнынæн, æмæ Георги уымæй иттæг хорз спайда кодта. Йæ ныхмæлæууæг **Динислам Бамматовыл** фæуæлахиз 7:3 хыгъдæй, æмæ Георги хорзæхджынгонд ссис Æппæтуæрæсеон спартакиадæйы бронзæ майданæй.



ТЫБЫЛТЫ Георги

Нæ иннæ богал Гугкаты Давидæн призон бынатмæ рацæуын нал бантыст.

Грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй ма бон раздæр Уæрæсейы скъоладзауты спартакиадæйы фесгуыхт нæ æвзонг богал **Абациты Рустем**. Ерыстæ цыдысты Ростовы. Рустем 41 кг онг уæзы фæд-фæдыл фæуæлахиз йе 'ртæ ныхмæлæуууæгыл æмæ, æнæдызæрдыгæй, бацахста 1-аг бынат. Тренертæ **Гуыдиаты Илья** æмæ **Гаглойты Вахтанджы** хъомылгæнинаг хорзæхджынгонд ссис Æппæтуæрæсеон Скъоладзауты спартакиадæйы сыгъзæрин майданæй.

Хъазаны грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй ерысты фæстæ Æппæтуæрæсеон спартакиадæйы хæрзиуджытæ рамбулынил тохы бацыдысты уæгъдибар хъæбысхæсты богæлттæ. Уыдоны 'хсæн сты Ирыстоны минæвæрттæ къордæй, æмæ сын нæ зæрдæ зæгъы хорз æнтыстдзинæдтæ. Уырны нæ, нæ богæлттæ спартакиадæйы сæхи сæрæнæй кæй равдисдзысты, уый.

# Ерыстæ, ерыстæ…

**Спорты æртын хуызæй Мæскуыйы цæуынц Æппæтуæрæсеон спартакиадæйы ерыстæ.**

Знон Иринæ Винер-Усмановайы номыл гимнастикæйы центры райдыдтой фехтованийы ерыстæ.

Шпагæйæ тохты архайынц фондз ирыстойнаг чызджы: **Хъесаты Мария, Мыстулаты Маринæ, Суанты Дианæ, Хъæлаты Вероникæ** æмæ **Анастасия Назарова**. 26 августы Мæскуыйы ерысы бацæуудзысты уæззау атлетикæйы минæвæрттæ. Спорты ацы хуызæй Ирыстоны номæй ерыс кæндзысты æртæ чызджы æмæ авд лæппуйы. Чызджыты 'хсæн бæрзонд бынат бацахсыныл тох кæндзысты: 71 кг **Гусалты Зæринæ** (тренер **Золойты Хъазыбег**), 81 кг — **Соттиты Янæ** (тренертæ — **Тасойты Æхсар** æмæ **Дзгойты Олег**), 81 кг — **Челæхсаты Мæдинæ** (тренер **Тогойты Æхсарбег**).

Нæлгоймæгты ерысы сæ хъару æмæ арæхстдзинад æвдисдзысты: 61 кг — **Оганес Вардеванян** (тренертæ — **Наниты Руслан** æмæ **Алан**), 102 кг — **Хъесаты Георги** (тренертæ — Наниты Руслан æмæ Алан), 102 кг **Теблойты Сæрмæт** (тренер Золойты Хъазыбег), 102 кг — **Абайты Мурат** (тренер **Акъоты Артур**), +109 кг — **Наниты Тимур**, +109 кг — **Наниты Арсен** (сæ дыууæйы тренертæ Наниты Руслан æмæ Алан), +109 кг — **Рæмонты Сæрмæт** (тренер **Пагæты Таймураз**).

Уырны нæ, спорты ацы дыууæ хуызæй нæ спортсментæ сæхи сæрæнæй кæй равдисдзысты æмæ сын сæ æнтыстджын архайдæн æвдисæнтæ кæй уыдзыстæм!

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Нымæцтæ

# Фæндагон фæтк: паддзахадон автоинспекцийы бæрæггæнæнтæ

**Ивгъуыд къуырийы дæргъы Цæгат Ирыстоны автоинспекцийы кусджытæ раргом кодтой Фæндагыл цыды фæткы 2787 хæлды (адонæй 69 — ноздджынæй транспортон фæрæз скъæрыны цаутæ).**

"Æппæт фæткхалджытæй бадомдтам административон бæрндзинад, æрмæдджытæ æрвыст æрцыдысты тæрхондонмæ уынаффæ рахæссынмæ.



Фæткхалджыты дыууæ азы æмгъуыдмæ транспортон фæрæз скъæрыны барæй фæцух кæндзысты, стæй сæ 30 мин сомæй фæивар кæндзысты", — фыст ис автоинспекцийы пресс-службæйы хъусынгæнинаджы.

Ивгъуыд къуырийы дæргъы нæ республикæйы фæндæгтыл рауайæг 17 фæндагон-транспортон фыдбылызы аххосæй хъыгдардбаййафæг 28 адæймагæй иу фæмард.

**Нæ уацхæссæг**

## *Арфæ*

### *Кцойты-Къæбойты Хъæсболаты чызг Зарæйæн*



*Ацы бонты Кцойты Зарæ бæрæг кæндзæн йæ райгуырæн бон. Уый фæдыл ын мах зæрдиаг арфæтæ кæнæм, бирæ азты нын æнæниз æмæ зæрдæрухсæй куыд фæцæра йæ рæсугъд æмæ уарзон бинонтимæ, уыцы амонд æй уæд!*

*Ды цæргæ-цæрæнбонты фæкуыстай интернаты ахуыргæнæгæй. Уый у стыр бæрнон бынат, кодтай уыимæ хъомыладон архайд дæр, бирæ кæстæрты царды раст фæндагыл сарæзтай, бирæ сæ уарзыс, лæггад сын кæныс абон дæр алывæрсыгæй. Де 'мкъай Агуыбеимæ схъомыл кодтай хорз цот, æмæ сæ цинтæ, сæ хорз хабæрттæй дæ цард-дæ бон райдзаст æмæ фидар уæнт! Дæ зæрдæйы фæндиаг сæ хуртæй бафсæд!*



*Хорз у царды рухсдзинад æмæ зæрдиагдзинад хæссын, ды сæ хайджын фæдæ, æмæ дæм дæ бирæ лæггæдтæ, дæ хорздзинæдтæ сæдæйæ здæхæнт, нæ куырыхон буц хистæр!*

*Зарæ, цард рæсугъддæр кæны дæу хуызæн рæстуд зондамонджытæй! Дæ кары бацыдтæ, æмæ сæрыстырæй дæ сæдæ азы сæрты акæс! Ирыстоны дзуæрттæ дын Цæгатæй Хуссармæ æххуысгæнæг уæнт, æмæ дыл Мады-Майрæм йæ хъарм арм æвæрæд!*

**Ацы арфæтæ дын кæнынц**
**Баситы бинонтæ**

Ахуырад

# Сфæлдыстадон фæлварæн

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты цæуы ацы ахуыргæнæндоны сæрмагонд курс "Актеры аивад"-ы сфæлдыстадон конкурс.**



Университеты пресс-службæйы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, сæрмагонд курс аразынц Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон академион театрæн артистты цæттæ кæнынæн.

Ахуырады аргъ дыккаг хатт бафиддзæн дыууæ хатты олимпиаг чемпион, политик æмæ æхсæнадон архайæг **Хæдарцаты Махарбег** (ацы æууæл баныймайæн ис курдиатджын студенттæн стыр æххуысыл).

Цæгат Ирыстоны адæмон артист, амынд ахуыргæнæндоны театралон аивады кафедрæйы сæргълæууæг **Æлбегаты Алан** бацахсдзæн курсы аивадон разамонæджы бынат.

**Нæ уацхæссæг**

Пресс-конференци

# Тугъанты Махарбег æмæ Галаты Барисы сфæлдыстадон æмгуыстады кадæн

**Цæгат Ирыстоны Нывгæнджыты цæдисы Галаты Барисы оперæ "Нарты Батрадз"-ы премьерæйыл 80 азы кæй сæххæст, уыцы цауы фæдыл ацыд конференци.**

Цæгат Ирыстоны филармонийы оркестры концертæй байгом уыдзæн "Дыууæ гени"-йы равдыст. Уый хæссы Тугъанты Махарбег æмæ Галаты Барисы ном. Æвдыст æрцæудзысты архивтæй ист куыстытæ. Уыдон сты Махарбег æмæ Барисы дæсныйады ирд æвдисæнтæ.

— Ирон адæм культурæйы сты тынг хъæздыг, æмæ нæ сæйрагдæр хæс у нæ гениты зонын. Тугъаны-фыртимæ та Барис базонгæ Бетъырбухы. Уырдыгæй-иу æй æрвыстой концерттæм, раздзог та уыд Махарбег. Уымæй райдыдта се стыр лымæндзинад, кæцы æвæрд æрцыд нæ равдисты бындуры. Оперæ "Нарты Батрадз" ахсы стыр бынат ирон культурæйы. Æвæрд æрцыд Стъалиниры 1942 азы хæсты рæстæджы. Чи йæм каст, уыдон æппæлынц уæлдай хорз декорацитæй æмæ композиторы зæрдæмæдзæугæ музыкæйæ. Равдисты уазджытæ байхъусдзысты Барисы фыст музыкæмæ, йæ оперæмæ Махарбеджы конд нывтимæ, — загъта Галаты Барисы номыл культурон фонды разамонæг **Гаглойты Лианæ.**

Конференцийы ныхас цыд, Галаты Барис цы культурон бынтæ ныууагъта, уыдоныл. Уый уыд фыццаг ирон дæсны композитор, бындур æрæвæрдта Хуссар Ирыстоны музыкалон скъолайæн, уыд ирон зарджытæ æмбырдгæнæг, ныффыста киноныв "Фатимæ"-йæн музыкæ. Уыимæ, йе стырдæр куыст уыд оперæ "Нарты Батрадз". Уый хаст æрцыд дунейы ахсджиаг культурон æвдисæнты рæнхъмæ — чиныг "XX æнусы оперон премьерæтæ"-мæ. Оперæйы нывгæнæг-декоратор уыд Тугъанты Махарбег. Архивты Галаты Барисы номыл культурон фонды кусджытæ ссардтой декорациты нывтæ æмæ архайджыты сурæттæ, уыимæ — оперæйы партитурæ.



**ГОБОЗТЫ Агуындæ**

# Куыст — цардæн фæрæз

**(Райдайæн 3 фарсыл)**

Нæ дарæг, нæ кусæг къухтæ уыдысты æнусты дæргъы, æмæ уымæн фæивæн нæй. Нæ хицæуттæй адæм æнхъæл сты иу хæрзиуæг. Нæ фабриктæ, заводтæ æмæ зæххы куыст сорганизаци æмæ сифтонг кæнын, кæд цыфæнды зын у, уæддæр. Науæд нæ хæдзæртты ницыуал ис, фæлæ рæхджы базары дæр ницыуал уыдзæн уæййаг æмæ æлхæнинаг. Æхца фæллой нæ кæны, æхца фæллой æмæ материалон хæрзиуæджы символикон барæн у, исты саразын — сфæлдисыны тых нæй. Нæ сæудæджертæ дæр уый хъуамæ нымайой. Искуыцæй исты æрдавын æмæ уымæй абазар кæнынæй сæудæджер дæр бынтæ не скæндзæн, дунейы элитæйы сæрты нæ акæсдзæн. Нæхи зæххыл куы ницы уа, уæд ницыйæ исты нæ цæуы. Хъуыды кæнын æрхуым зæрдæйæ нæ уавæрыл, æмæ, нæ абоны иууыл ахсджиагдæр хъуыддагæн цы бакæнын хъæуы, ууыл, æмæ мæ удрæбын змæлынц хуымæтæджы стихамад ныхæстæ.

Чи зоны, стыр ныфсы ныхæстæ не сты, фæлæ сæ уæддæр цы 'мбæхсон? Мадзурайæ лæууын дæр зонды гакк никуы уыдис æмæ ныр дæр нæу.

*Цы хъæуы абон Иры?.. Кусын!*
*Фæразын тыхст æмæ зыны,*
*Кæрæдзийы рыст удмæ хъусын,*
*Нæ сусæг цæссыгтæ уынын.*

*Цы хъæуы Иры абон? Кусын.*
*Нæ зын æрми-æрмы хæссын*
*Нæ мæгуыр къæбицы, нæ мусы*
*Рæстаг, хæдзардзин лæг —*
*фысым.*

*Цы хъæуы абон Иры? Кусын!*
*Ныууадзын митингты*
*гуыв-гуыв, —*
*Цæмæй — нæ Цæгат уа,*
*нæ Хуссар, —*
*Ысуой æмдзырд æмæ æмгуывд.*

*Цы ма хъæуы æндæр та? Кусын!*
*Ысуадзын фидæны мæсыг, —*
*Нæ сидзæр сабитæн сæ русæй*
*Æрсæрфын тугамæст цæссыг…*

*Цы хъæуы ноджы Иры? Кусын!*
*Фыргуыстæй бадомын нæ рис.*
*Æллæх! Фæйнæрдыгæй*
*цы хъусын, —*
*Фыдвæтк, фырдзырд æмæ*
*хъыллист!..*

*Нæ адæмыл нæтæг, хъæрзæгæй*
*Æвдисы хины сырд йæхи, —*
*Цыма нын рантысти хæрзæгæй,*
*Цыма йын не 'мбарæм йæ хин!..*

*Æлвæстæфсæр!.. Ыскъæры*
*дзугтæй*
*Фæлывд дзырд — мулкагур,*
*мæнгард!..*
*Æмæ нæ туджы 'рхъисæй сугтау*
*Кæны йæхи гуылы бын арт!..*

*Уæ, Ир! Ды бадт зондæй*
*фæрнджын дæ,*
*Дæ хъус фæлывд дзурджытæм*
*дар,*
*Æмæ куы фæхауой фæрчытæ,*
*Уæддæр сæм макуы радт*
*дæ бар!*

*Нывæнд дæ царды рад*
*хæдбарæй,*
*Дæ цæфтыл хъæц, уром дæ рис;*
*Æрцог уа, мидбæстаг, —*
*æлдарæй*
*Дæ барвæнд тигъджын*
*дурæй хиз!*

*Æнкъуысы зæхх, уæд —*
*зулкъ уа, хилæг,*
*Æддæмæ рабырынц æргом*
*Фæлæ сæ къæдз æвзаг,*
*сæ хинæн*
*Дæ царднывæзты ма радт ком!*

*Уæдæ цы хъæуы Иры? Кусын!*
*Æмудæй Фидæнмæ тырнын,*
*Кæрæдзийы рыст удмæ хъусын,*
*Кæрæдзийы цæссыг уынын!..*

Ныртæккæ чи нæ кусы æмæ æвæлмон æфтиæгтæй чи цæры, уыдон кадджындæр сты бирæты цæсты, фæлæ уыдис ахæм рæстæг æмæ нæ кусын худинаг уыд, магусайæ цæлуарзаг — фидиссагыл нымад. Æввонгхорты ныхмæ тох кодта æнæхъæн æхсæнад дæр.

Студент ма куы уыдтæн, уæд дын иуафон, фæссихормæ æввахс ме 'мбæлттимæ Дзæуджыхъæуы кинотеатртæй иуы смидæг стæм. Киноныв фенны фæстæ нæ æдде цалдæр нæлгоймагæй баурæдтой, алæма чи стут æмæ бон-æмбисбон ам цæмæн стут, кусгæ цæуылнæ кæнут, зæгъгæ, нæм бауырдыг сты. Мах ма тыххæйты нæхи сраст кодтам.

Æмæ-иу цы хорз уыдис, кæддæриу быдырыкуыстгæнæг адæм райсомæй раджы хæдтулгæты быдырмæ заргæ куы фæцæйцыдысты. Куыст сын цæрыны фæрæз дæр кæй у æмæ амонд дæр, уый бæрæг уыд сæ хъæлдзæгдзинадæй. Уæдæ-иу нæ заводтæй дыгай-æртыгай мин кусæджы фæскуыст æддæмæ куы рагуылф кодтой сæ хæдзæрттæм, уæд ма уымæй хуыздæр цы уыдис. Кæд-иу фæллад уыдысты, уæддæр зæрдæрай сæ куыстæй сæхи, сæ бинонты дарджытæ кæй сты "паддзахад дæр кусæг къухтæй хъомысджынæй кæй у, уымæй.

Раст у, фæсивæдæй бирæтæн абон куыст нæй, цалдæргай дипломтæ дæр сæм ис, афтæмæй. Уыдон цæрынц сæ ныййарджыты пенсийæ. Уый цæмæндæр сæ сæрмæ хæссынц, фæлæ уал исты куыстыл ныххæцой, уый сæм худинаг нæ кæсы. Фæлæ уыцы дипломтæ бирæ хатт сæ зонындзинæдтæ бæрæггæнæнтæ нæ вæййынц. Бирæтæ сæ райсынц, Хуыцауæй бонсайæн, бинонтæй къæбæрсайæн кæнгæйæ. Фидар зонындзинæдтæ дæм куынæ уа, уæд кæй хъæуыс, стæй дæм цавæр ныфс хъуамæ уа, зæгъæм, дохтыры куыст бакæнынмæ. Искæй сдзæбæх кæнынæ бæсты йæ маргæ нæ кæныс? Æмæ дын уый бар чи радта, адæймагæн æнæуый дæр йæ цард цыбыр куы у, уæд?

Бирæ рæстæг нын нæ хъомтæн хъомгæс нæ уыдис. Æгуыстæй чи бады, уыдонæй йæ сæрмæ ничи бахаста хъомгæс ацæуын. Æмæ нын ныр иу æндæр адæмыхатты минæвар бирæ азты хъомгæс цæуы, нырма йæ тæккæ тыхыл чи у, ахæм лæппулæг. Æхситтæй заргæ уайы нæ хъомты фæстæ. Æмæ йæ куыст æмæ мыздæй йæ зæрдæ куы нæ раид, уæд зарид? Бæх ын лæвæрдтой, æмæ йæ нæ бакуымдта, мæнæн, дам, мæ бæхтæ мæ къæхтæ сты.

Уый дæр йæ фырхъæлæй нæ сæфтыдис махмæ, фæлæ, бинонты хицау уæвгæйæ, йæ сæрмæ не 'рхаста даргъкъах æмæ æрттæдæлармæй бадын, йæ зæрдæйы дон уадзын, фæлтау хурæй, къæвдайæ хъомгæсы куыст дæр кæндзæн. Æмæ, йемæ куы фæныхас кæнын, æмæ, куы фæхуды, махуæттæй æгуыстæй чи бады, уыдоныл, уæд мын кæд зын вæййы, уæддæр æм куыд смæсты уыдзынæ?..

Æмæ, Нафийы загъдау, мæнæн дæр мæ удрæбын змæлынц хуымæтæджы стихамад ныхæстæ. Чи зоны, стыр ныфсы ныхæстæ не сты, фæлæ сæ уæддæр цы 'мбæхсон? Мадзурайæ лæууын дæр зонды гакк никуы уыдис æмæ ныр дæр нæу".

*Де 'хсæвæй ц' атонай, —*
*цардыл æфты*
*Мæй, цыма, дысон уыд царвы*
*æвдылд*
*Мæйрухсмæ кусын,*
*хæйрæдждджын мæ схон!..*
*Ме 'хсæвæй даргъдæр*
*фæкодтон мæ бон…*

*Афтæ нæ фæллайын куыстæй,*
*фæлæ*
*Иууыл ныввæййын æгуыстæй*
*фæллад.*
*Ма мын тæрс, ма мын тæрс, ма*
*тæрс куыстæй,*
*Уый фæрцы а зæххыл адæм*
*куы стæм!*

**АБАЙТЫ Эдуард**


РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти.**
**ТЕЛ.:**
**8-989-037-18-04.**

**Ремонт стиральных машин на дому у заказчика (с гарантией).**
**ТЕЛ.:**
**8-919-421-80-09; 8-961-820-92-02.**

**Покос травы и вырубка деревьев любой сложности.**
**ТЕЛ.: 8-909-477-60-99;**
**8-928-939-80-00.**



**РЦИ-Аланийы Æфсæддон комиссарад сиды граждæнтæм æфсæддон службæмæ контрактон бындурыл Уæрæсейы Федерацийы Гæрзифтонг тыхтæм.**

**Æвзæрст цæуынц, 18 азæй 50 азы онг кæуыл цæуы, йе 'нæниздзинад фидар кæмæн у, наркологон æмæ психотерапевтон диспансеры хыгъды чи нæй, тæрхонгонд кæмæн нæ уыд, ахæм адæймæгтæ.**

**Социалон пакет æмæ 200 мин сомæй уæлæмæ.**

**Уæ бон у, цы ран цæрут, уыцы бынаты бацæуын æфсæддон комиссарадмæ кæнæ æфсæддон контрактон службæмæ æвзарæн пунктмæ.**

**Фарстытимæ бадзурæн ис телефонтæй:**
**8-(8672)-25-68-92, 8-(8672)-76-83-75.**

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæй, куыстуæттæй, кооперативтæй, алыхуызон фирмæтæй, кинотеатртæй, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ, бæрæгбæтты, куывдты, чындзæхсæвты æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03



Номыры радгæс редактор — **Тохсырты Къоста.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
2-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**



"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редакторы хæдивæг БУТАТЫ Эльзæ

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3474.
Заказ № 935.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**